

# Gwo Chanjman nan New York Medicaid, Child Health Plus ak Essential Plan

Aktyèlman, èske ou menm oswa yon manm fanmi ou gen yon asirans sante nan New York State Medicaid, Child Health Plus oswa nan Essential Plan? [Apati prentan 2023, New York State pral rekòmanse evalye kalifikasyon ak renouvèlman pou moun ki enskri nan pwogram sa yo.](#) Sa vle di ou ka bezwen fè demach pou ou renouvle asirans sante ou la oswa asirans manm fanmi ou an.

Men kèk bagay ou kapab fè depi kounye a pou ou prepare.

## 1) Enskri pou jwenn notifikasyon

Enskri pou resevwa mesaj tèks SMS/MMS kòm notifikasyon nan men NY State of Health yon fason pou ou pa rate dènye nouvèl enpòtan y ap fè nan asirans sante a, tankou dat pou renouvle asirans ou an.

Pou ou enskri, ekri START voye bay 1-866-988-0327.

## 2) Asire ou adrès ou ajou

Asire ou NY State of Health gen adrès postal, nimewo telefòn ak adrès imèl aktyèl ou yon fason pou yo ka kontakte ou konsènan asirans sante ou an. Pou mete enfòmasyon ou yo ajou:

- Rele NY State of Health nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)
- Antre sou kont ou nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov), oswa
- Kontakte yon [asistan ki responsab enskripsyon \(enrollment assistor\)](#)

Si ou enskri nan Medicaid grasa [biwo Medicaid ki nan konte ou a oswa atravè Administrasyon Resous Imèn nan Vil New York](#), kontakte biwo sa a pou mete adrès ak enfòmasyon pou kontakte ou yo ajou.

## 3) Pran Dispozisyon

Lè moman an rive pou ou renouvle asirans sante ou an, ou pral resevwa yon lèt nan men NY State of Health oswa yon pakè renouvèlman si ou te enskri atravè Depatman Sèvis Sosyal Lokal konte ou la oswa Administrasyon Resouzimèn Vil New York la. Nan lèt oswa nan pakè sa a yo ap di ou kisa ou dwe fè pou renouvle asirans ou epi ki kantite tan ou genyen pou ou fè sa. Suiv enstriksyon yo san pèdi tan.

## E si ou pa kalifye pou Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan?

Si oumenm oswa yon manm fanmi ou pa kalifye ankò pou Medicaid, Child Health Plus oswa Essential Plan, ou kapab kalifye pou enskri nan yon Qualified Health Plan (QHP) grasa NY State of Health. NY State of Health ofri yon pakèt chwa QHP avèk yon seri avantaj ki konplè. Gen plis moun toujou ki kalifye pou resevwa èd finansye pou peye prim yo. Vizite [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov) oswa rele nan 1-855-

355-5777 (TTY: 1-800-662-1220) pou jwenn plis enfòmasyon epi pou wè si ou kapab kalifye pou èd finansye.

### **Jwenn plis enfòmasyon**

- Si ou enskri nan Medicaid, Child Health Plus, oswa Essential Plan grasa NY State of Health, rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220) pou nenpòt kesyon ou genyen.
- Si ou enskri nan Medicaid grasa [biwo Medicaid Konte ou an oswa pa mwayen Administrasyon Resous Imèn Vil Nouyòk la](#), kontakte biwo sa a pou nenpòt kesyon ou genyen.
- Vizite <https://info.nystateofhealth.ny.gov/COVID-19-Changes> pou jwenn plis enfòmasyon. New York ap kontinye fè mizajou sou sit entènèt sa a tank ap gen plis enfòmasyon ki disponib.